

## Enfòmasyon Enpòtan pou Paran yo Konsènan Prevansyon Pou nan Tèt Timoun yo

Dat: \_\_\_\_\_

Chè Paran/Responsab,

Byenveni ankò nan yon novèl ane eskolè! Nou voye lèt sa a bay paran tout elèv ki nan klas pre-K rive jis nan klas 8è ane pou ede yo idantifye ti bèt nwizib yo rele pou a epi anpeche pou vini nan tèt pitit yo. Nenpòt lè timoun rasanble ansanm, tankou pa egzanp nan kòmansman ane lekòl, timoun al dòmi lakay lòt timoun, gwoup sosyal tankou pa egzanp Gwoup Eskout, aktivite espòtif, nan kan, elatriye, ka epidemi pou nan tèt yo ogmante. Pi fò transmisyon yo rive lakay ak nan anviwònman kominotè. **Paran oubyen responsab yo genyen pi gran responsabilite pou asire yo ke timoun yo pa genyen pou avèk nich pou nan tèt yo. Yo rekòmande ke w tcheke tèt pitit ou chak semèn pou detekte pou epi/oswa nich pou.**

### **Se kisa pou avèk nich pou yo ye?**

Pou se ti ensèk piti san zèl ki viv nan po tèt moun epi ki nourri ak san moun. Jeneralman ou jwenn yo nan zòn zòrèy ak dèyè kou moun nan, pou ki fin devlope yo kapab gen gwozè yon grenn jijiri. Femèl yo ponn ze li (lant) ki pi piti, ankoulè ajan epi ou jwenn yo jeneralman anviwon ¼ pous ak po tèt la. Li kapab pa fasil pou wè yo e yo kapab “kole” nan rasin cheve a. Pafwa w kapab pran yo pou kap ki nan cheve a. Lè lant lan kale, yo kapab grate w nan tèt epi w santi w pa alèz men l pa pwopaje maladi.

### **Se kijan pou yo pwopaje?**

Yo jwenn pou anjeneral nan tèt jenn timoun akòz yo fè kontak trè souvan avèk lòt timoun. Pou anjeneral pwopaje pa kontak dirèk, tèt a tèt lè yon moun genyen pou nan tèt li. Yo pa vole, sote oubyen naje. Sepandan yo ranpe. Ensèk pou yo pa kapab viv lontan si yo pa nan tèt yon moun. Pa konsekan, pou pa jeneralman pwopaje pa kontak avèk atik pèsònèl tankou chapo, bwòs oswa peny. Genyen pou pa vle di w pa pran swen ijyèn kò w. Si yon moun nan salklas pitit ou genyen pou nan tèt li, ou pa bezwen pè epi panse otomatikman tèt pitit ou pral “pran” pou.

### **Se kijan pou m fè konnen si tèt pitit mwen genyen pou oubyen nich pou?**

Siy ki montre ke tèt yon timoun genyen pou enkli: lè po tèt li ap grate l detanzantan oubyen po tèt la anfle; yo santi yon bagay ap mache nan cheve a; yon lant ap mache vizibman nan po tèt la oubyen nan cheve a. Si pitit ou genyen nenpòt nan siy oubyen sentòm sa yo, Fè li ekzamine pa yon moun ki plase pou bay sante oswa yon enfimyè lekòl la. Pou nan tèt deplase vit e li kapab difisil pou w detekte l.

### **Kisa pou mwen fè si pitit mwen genyen pou oubyen nich pou?**

- Tanpri avèti lekòl la epi fè l rete lakay pou l pran tretman. Diskite sa avèk moun ki plase pou bay pitit ou swen sante pou konnen ki swen ki apwopriye a sa. Yo rapòte sou kèk tretman ak medikaman dèyè kontwa ki reziste ak pou. Genyen opsyon sou nouvo tretman ak preskripsyon ki disponib. Gen konpayi prive tou ki ofri sèvis sou tretman pou epi/oswa pou retire pou. Yon paran dwe akonpanye pitit li lè l ap retounen lekòl la aprè li fini swiv tretman. Manb pèsònèl yo pral verifye pou wè si pa genyen pou nan tèt li. Timoun nan andwa pa kapab retounen lekòl si yo wè pou vivan nan tèt li toujou.
- Yon fwa ke yon timoun fini trete pou retire pou oswa nich pou nan tèt li, yo pral re-verifye timoun nan souvan pou asire ke tretman an te efikas epi pou yo pa retounen nan tèt li.
- Pale pitit ou pou l pa pataje peny, bwòs, barèt, chapo, sèvyèt ak lòt objè pèsònèl.
- Pale pitit ou pou l pa fè kontak tèt a tèt pandan l ap jwe ak lè li ap fè lòt aktivite.

Pou plis enfòmasyon konsènan pou nan tèt oswa sou tretman yo, ou kapab kontakte enfimyè lekòl pitit ou a. Mèsi pou èd ou ak sipò ou.

Sensèman,

Direktè Lekòl la